



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 25 septanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÈK RÈGLEMAN POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT CHOFÈ DANJERE YO

Aksyon an Sible Chofè ki Gen Kondanasyon Souvan Poutèt yo Kondi Machin yon Fason Danjere

Nouvo Règ DMV Pami Règleman ki pi Sevè pou Bay Lisans nan Peyi a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwojè plizyè nivo pou retire sou wout la chofè ki gen yon istwa kondanasyon poutèt yo kondi pandan yo bwè alkòl ak pran dwòg.

Sou enstriksyon Gouvènè a, Depatman Veyikil-a-Motè Eta New York (DMV) pral bay nouvo règleman k ap bay New York pi gwo pwoteksyon nan peyi a kont chofè ki toujou ap kondi pandan yo bwè alkòl ak pran dwòg.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nou ‘se twòp atò’ pou moun ki kontinye abize privilèj kondi yo epi ki menase sekirite lòt chofè, pasaje ak pyeton yo. Efò jeneral sa a ap fè New York gen plis sekirite, lè li retire chofè sa yo sou wout yo.”

Dapre lwa ki la kounye a, chofè a ki jwenn kondanasyon pou plizyè zak kondi pandan yo anba alkòl ak dwòg pa kapab pèdi lisans yo nèt. Pa egzanp, si yon chofè jwenn kondanasyon pou twa (3) zak kondi pandan li anba alkòl ak dwòg nan yon peryòd katran, oswa pou kat (4) fwa nan yon peryòd uit (8) ane, chofè a ap pèdi lisans li pou apeprè senkan, epi li ka aplike pou jwenn lisans ankò. Kèk chofè ap toujou gen yon lisans menm apre kèk sis (6) oswa sèt (7) kondanasyon poutèt yo kondi anba alkòl ak dwòg sou peryòd tan ki pi long. Sèl fwa yon chofè ka pèdi yon lisans toutbon nèt se lè li gen de (2) kondanasyon ki asosye avèk alkòl oswa dwòg ki fèt nan aksidan apa epi ki lakòz yon chòk fizik.

Nouvo règleman sa yo ranfòse mwayen DMV pou retire chofè danjere yo sou wout yo pou toutbon.

Règleman yo mande:

- Pou DMV Revize Dosye a pou Toutan

DMV ap kapab revize dosye avi tout chofè ki aplike pou gen yon lisans ankò apre yon anilasyon.

Haitian Creole

- Anilasyon Lisans Pèmanan Toutbon pou Chofè ki Toujou Sou ak Danjere

Aprè DMV fè yon revizyon dosye avi, l ap bay refi pou nenpòt aplikasyon pou jwenn yon lisans ankò apre anilasyon si aplikan an gen:

- o Senk oswa plis kondanasyon ki asosye avèk alkòl oswa dwòg nan lavi li

oswa

- o Twa oswa plis kondanasyon ki asosye avèk alkòl ak gwòg nan dènye 25 ane yo plis omwen yon lòt zak kondi grav pandan peryòd sa a. Yon zak kondi grav gen ladan: yon aksidan ki lakòz moun mouri, yon kondanasyon dapre lwa kriminel ki asosye avèk kondi machin, yon akimilasyon 20 pwen oswa plis ki evalye pou vyolasyon nan kondi machin nan dènye 25 ane yo, oswa si moun nan gen de (2) oswa plis kondanasyon nan kondi ki vo senk pwen oswa plis pou yo chak.

- Reta pou Bay Lisans Ankò, Restriksyon pou Kondi, ak Vewouyaj pou Lòt Chofè ki Anpil Kondanasyon anrapò avèk Alkòl oswa Dwòg.

Pou chofè k ap chèche jwenn yon lisans ankò apre anilasyon lisans yo epi ki te gen twa (3) oswa kat (4) kondanasyon ki asosye avèk alkòl oswa dwòg men ki pa fè zak grav nan kondi nan dènye 25 ane yo, DMV ap:

- o Bay refi pou aplikasyon yo pou senkan apre peryòd anilasyon obligatwa yo si yo te anile lisans aplikan an pou yon zak ki anrapò avèk alkòl oswa dwòg; oswa de (2) lòt ane si yo te anile lisans aplikan an pou yon rezon ki diferan avèk yon zak ki asosye avèk alkòl ak dwòg.

- o Bay aplikan an lisans ankò apre peryòd anplis la kòm yon lisans “ki gen restriksyon” ki limite kondi aplikan an, ap egzant, pou vwayaje pou fè ale-vini nan travay oswa nan vizit medikal; **epi**

- o Pou chofè zak ki asosye avèk alkòl ak dwòg te lakòz yo anile lisans yo, mande yon vewouyaj sou veyikil moun nan kondi pou senkan.

- Fen Rediksyon Peryòd Sispansyon oswa Anilasyon Obligatwa

Pou kounye a, chofè ki toujou sou ki gen lisans yo anile oswa sispansyon pou sis (6) mwa oswa yon ane kapab kanmenm jwenn tout privilèj kondi yo nan apeprè sèt (7) semèn depi yo konplete pwogram chofè k ap bwè DMV. Nouvo règleman DMV ap asire chofè sa yo pa kapab jwenn privilèj kondi yo jouk lè tout tan sispansyon oswa anilasyon an fini.

Chak ane, plis pase 300 moun mouri epi plis pase 6.000 moun pran chòk sou otowout New York akòz rezilta dirèk aksidan ki asosye avèk alkòl. Nan ane 2010, 29% aksidan ki lakòz moun mouri te asosye avèk alkòl. Menmsi kantite aksidan ki asosye avèk alkòl lakòz chòk fizik oswa ka lanmò te diminye pandan dènye plizyè ane yo, te gen yon gwo ogmantasyon nan kantite ak nan pousantaj aksidan ki gen yon chòk ki te konsène yon chofè ki gen twa (3) oswa plis kondanasyon pou kondi ki asosye avèk alkòl.

Nan ane 2010, 28% aksidan ki lakòz moun pran chòk akòz alkòl nan eta te konsène yon moun ki gen twa (3) oswa plis kondanasyon ki asosye avèk alkòl. Sa montre yon gwo ogmantasyon depi ane 2005, lè sèlman 22% aksidan ki lakòz moun pran chòk akòz alkòl te konsène yon chofè ki gen twa (3) oswa plis kondanasyon ki asosye avèk alkòl. Sa vle di, pwoblèm delenkan pèsistan nan DMI te ogmante.

Aksidan ki konsène alkòl gen 10 fwa plis chans pou lakòz yon moun mouri pase aksidan ki pa konsène alkòl.

Pou kounye a, plis pase 50.000 chofè ki **gen lisans valab oswa lisans ki sispann** gen twa (3) oswa plis kondanasyon ki asosye avèk alkòl nan lavi yo, epi 15.000 nan chofè sa yo te gen 3 oswa plis kondanasyon ki asosye avèk alkòl nan dènye 20 ane yo.

Apeprè 17.500 chofè ki gen lisans ki deja gen twa (3) oswa plis kondanasyon ki asosye avèk alkòl te konsène nan omwen yon aksidan ki te lakòz moun pran chòk oswa ki te touye yon moun apre kondanasyon yo. Chofè sa yo te konsène nan plis pase 22.000 aksidan ki te lakòz moun pran chòk oswa ki te touye yon moun, sa ki te lakòz plis pase 500 moun mouri.

Barbara J. Fiala, Manm Komisyon Veyikil-a-Motè ak Prezidan Komite Sekirite nan Sikilasyon Gouvènè a, di konsa, “Depatman Veyikil-a-Motè fyè poutèt li travay avèk Gouvènè Cuomo nan yon efò komen pou rezoud pwoblèm chofè ki pi danjere lakòz epi ki gen yon istwa zak kondi pandan yo anba alkòl ak dwòg. Pou sekirite tout moun ki sou wout nou yo, nou kwè kounye a moman an rive pou ranfòse règleman ak pwosedi nou yo.”

Kòm yon rezilta nouvo règleman DMV, apeprè 20.000 chofè ap gen lisans yo anile pou toutan oswa retade ane sa a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418